

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Tujuan dina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun ajén atikan dina carita wayang lalakon *Dorna Gugur Giriharja 3*. Carita wayang anu dianalisis ku cara nyieun transliterasi *vidéo* pagelaran wayang golék lalakon *Dorna Gugur Giriharja 3*, satuluyna dipasing kana tilu unsur ajén atikan nya éta ajén moral, ajén sosial, jeung ajén agama.

Tina hasil analisis panalungtikan, dihasilkeun sababaraha kacindekan, nya éta saperti di handap.

- 1) Struktur carita wayang lalakon *Dorna Gugur Giriharja 3* ngawengku : 1) Tema anu kapanggih dina éta carita wayang nya éta tema kawajiban nu jadi satria; 2) Galur anu kapanggih dina éta carita wayang nya éta galur melere anu runtuyanana kabagi jadi *pengenalan, komplikasi, konflik, klimaks, peleraian, jeung penyelesaian*; 3) Palaku dina éta carita wayang aya 12 nya éta Kresna, Arjuna, Semar, Cepot, Satiaki Padmanegara, Bima, Dawala, Dorna, Krepa, Yudistira anu kaasup kana tokoh protagonis jeung Buriswara jeung Prabu Pramea anu kaasup kana tokoh antagonis; 4) latar tempat anu kapanggih dina éta carita nya éta di Tegal Kurusetra, jeung latar waktu anu kapanggih dina éta carita nya éta isuk-isuk jeung waktu dimana perang geus dimimitian poé éta; 5) amanat anu nyangkaruk dina éta carita nya éta kawajiban nu geus dipiboga ku hiji jalma kudu ditedunan, jeung amanat-amanat séjén anu kagambar ku watek dina tokoh-tokohna.
- 2) Ajén atikan anu ngawengku ajén moral, ajén sosial, jeung ajén agama anu dianalisis diantarana nya éta: 1) Ajén moral anu kapanggih aya 12 ajén, nya éta kudu istiqomah, hormat ka guru, amanah, daék diajar, ulah kumed, teu sieunan, ngajauhan panyakit haté, ulah agul, nyaah ka anak, ulah campelak

Teddy Abdillah, 2014

Ajén atikan dina carita wayang golék lalakon dorna gugur giriharja 3 pikeun bahan pangajaran ngaregepkeun di SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

kanu jadi kolot, ulah tutuduh ka batur, wijaksana; 2) Ajén sosial anu kapanggih aya dua ajén nya éta hak nyarita jeung silih elingan papada manusa; 3) Ajén agama anu kapanggih tina unsur nya éta *aqidah, ahlak*, jeung *fiqih*.

5.2 Rekomendasi

Dumasar kana hasil panalungtikan, aya sababaraha saran anu ditepikeun pikeun kamekaran panalungtikan ka hareupna, nya éta saperti di handap.

1) Pikeun Guru Basa Sunda

Nilik kaayaan kiwari, balukar tina kamekaran jaman jeung gaya hirup anu geus kapangaruhan ku budaya luar, teu saeutik anu henteu wawuh kana pagelaran wayang golék. Antukna budaya anu geus aya ti ratusan taun katukang téh teu dipikacinta deui ku sawaréh masarakat. Ogé ajén-inajén anu aya dina pagelaran wayang golék loba anu teu katepikeun ka generasi saterusna. Ku kituna salaku guru kudu leuwih jero deui nilik kana budaya Sunda hususna wayang golék anu ngabogaan ajén-inajén anu alus pikeun ditepikeun ka siswa-siswana disakola, sabab lian ti urang nepikeun ajén-inajén anu alus ogé ngawanohkeun deui budaya Sunda salaku ciri masarakat Sunda.

2) Pikeun Mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa Daérah

Ieu panalungtikan medar ngeunaan carita wayang dumasar kana ajén atikanana. Tangtu garapan carita wayang téh masih kéneh lega. Nilik kana carita wayang salaku budaya Sunda anu buhun jeung ngabogaan ajén-inajén anu kawilang loba, panalungtikan ieu masih kawilang heureut. Ku kituna, perlu diayakeun deui panalungtikan-panalungtikan séjén ngeunaan wayang golék anu leuwih jero deui. Lian ti mangpaatna pikeun urang leuwih maham kana budaya sorangan, ogé ngajorong deui batur sangkan mikacinta budaya Sunda.